Pembantoe sareng agen:
Priangan kaoelon Bestuur Pasoendan Bogor.
di Tjiandjoer: Bestuur Pasoendan Tjiandjoer.
Priangan tengah H. B. Pasoendan Bandoeng

# SIPATAHOENAN

*Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.*

Ditjitak di Soekapoera drukkerij Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agen:
Priangan wetan Bestuur Pasoendan Tjiamis.
Djawa wetan Bestuur Tjabang Pasoendan. Soerabaja.

LANGGANAN.
3 sasih . . . . . f 1,50
Dibajar ti pajoen. Salambar 15 sen.

Redactie: Heerenstraat 31.
Administratie: Stationsweg-33 Tasikmalaja.

Redaktoer: SOETISNA SENDJAJA ATMAWINATA
Redaktoer di Batawi SOERIADIRADJA.

Directie: Administratie: Bestuur Pasoendan Tasikmalaja

Pangaos ADVERTENTIE:
1/16 kalja f 2,50 } Sakali moeat
1/32 „ f 1,50 }
Langganan langkoeng mirah.

## Sareng Hormat!

Ka sadaja para Djoeragan anoe kagoengan kawadjiban pikeun milih lid Volksraad taoen 1927—1931, sanget disoehoenkeun moegi kersa milih tjalon anoe kaseboet ieu dihandap, njaeta:

| No. | Djenengan. | Padamelan. | Tempat. |
|---|---|---|---|
| 1 | R. A. A. A. Djajadiningrat | Regent. | Batawi. |
| 2 | R.G. Otto Soebrata | Lid gedeputeerden Raad Provincie | Mr. Cornelis. |
| 3 | R. Idih Prawiradipoetra | Bezoldigd lid Landraad. | Bandoeng. |
| 4 | Atik Soewardi | Wd. Hoofd der H. I. S | Indramajoe. |
| 5 | Mo. Soetisnasendjaja | Onderwijzer H. I. S Pasoendan. | Tasikmalaja. |
| 6 | R. Hasan Soemadipradja | Patih. | Poerwakarta. |

Moegi dieemoetkeun pisan dina prakna milih kedah noemoetkeun nomer pareaena sapertos di loehoer.

**Hatoer sewoe noehoen**

*Hoofdbestuur Pasoendan.*

## Mr. Singgih waktos ka BANDOENG.

Noeika ping 23 Augustus kamari, Mr. Singgih ti Soerabaja parantos biantara di Bandoeng, tempatna di Societeit, ons Genoegen, dikoempoelkeun koe sababaraha pakempelan, sapertos a/g. studie club, H. B. Pasoendan, Perserikatan Minahasa, Perdata, B. O. P S. I. Perserikatan Islam, tjab. Pasoendan Bandoeng. Comite Chilafat, bangsa koeminis sareng patoengton noe sanes senen na kirang langkoeng 600 djelema, dihantawisna aja tikoe istri, sareng djago-djago bangsa oerang sapertos: Mr. Ishak, Mr. Sartono, Ir. Darmawan s.s.d. Kadjabi ti eta aja oge moerid-moerid sakola loehoer. Eta kempelan ditjepengna koe Mr. Sartono, sadajana anoe tingal kana kaajaan eta kempelan, roepina katjida goembirana, saperkawis pedah parantos lami teu mendak-mendak kempelan djadi katjida pisan soeoena, katambah ditoengtoen koe djago-djago bangsa oerang noe keur ngoedag kamerdikaan. Saanemeh na Mr. Singgih njarioskeun naon noe bade dimaksad, andjeunna njarioskeun jen satadana biantara di Batawi, rame soerat kabar poetih Bat. Nieuwsblad sareng A. I. D. ngadjok, basana: „Tjariosan Mr. Singgih teh tjetek pisan, teu weten-schappelijk hartosna teu ngandoeng elmoe, sakaboeh djelema oge pada bisa njarita kitoe-kitoe bae 'mah." Koe pamojok-pamojok eta soerat kabar poetih enmoetan Mr. Singgih teu rek mireosa, keun bae teu ngandoeng elmoe oge tjeuk maranehanana, da oerang mah njarita teh kaperloean keur bangsa oerang anak Indonesia lain kaperloean keur maranehanana.

Andjeunna njoerkeun bangsa oerang sareng bangsa noe disamikeun kajaning: Tjina, Arab, Keling, ajana di Indonesia katjida teu merdikana teu sapertos bangsa Eropa atanapi Djepang. eta mah roepina teh bade kitoe bade kieu teh senang pisan, tjara di nagarana sorangan bae. Ari oerang koemaha? Kieu sieun, kieu aringgis, teu beda djeung anoe keur njemah, rek naon-rek naon teh era koe priboemi. Naon sababna noe matak kitoe? Lantaran mindeng sok kieu disalahkeun, kitoe disalahkeun, geus poegoeh oerang salah, tangtoe disalahkeun, nadjan anoe tatjan naon-naon geus diseboet salah. Djadi bangsa oerang teh ajana di Indonesia, ongkoh priboemina, tapi parasaanana atawa kaajaanana tjara semah. lantaran oerang geus meunang tjap salah tea.

Kaoem-kaoem ditoe njetoetkeun basana pikeun Indonesia tatjan meunteun dibere kamerdikaan lantaran tatjan asak Eta ketjap asak teh anoe koemaha? Asak pikeun itoe atawa asak pikeun oerang? Sabab pikeun karesep djelema tea roepa-roepa, saperti kana endog toe. aja noe resep asak, aja noe resep satengah mateng djeung aja noe resep atah: nja kitoe deui pikeun kaperloean di oerang tea saroea djeung kaperloean di ditoe, eta kitoe teh tetep basana salah.

Waktoe andjeunna di nagara Walanda matja dina soerat kabar. basana oerang Walanda ibarat laoek gede oerang Indonesia laoek leutik. „Laoek gede aja hak ngahakan laoek leutik, laoek leutik aja hak dihakan koe laoek gede."

Koe lantaran kaajaan di oerang tea sakieu koenana, pikeun ngameran eta kakoenaan tea, taja deui oerang sarerea koedoe babarengan digawe, oelah tjara noe enggeus-enggeus, pakoempoelan pada pakoempoelan silih oepat silih gorengkeun, nepi ka aja noe kadjadian roeksak, padahal toedjoeanana eta pakoempoelan - pakoempoelan ngoedag kana kamerdikaan. Kaajaan eta pakoempoelan - pakoempoelan noe keur ngoedag kana kamerdikaan tea, lir ibarat di aherat, djelema - djelema noe rek ka sawarga, di djalanna koedoe njoekang wot sirotol moestakim, anoe di handapna ngagoedag - goedag geni naraka djeung godogan timah, eta wot sirotol moestakim tea leutikna tjenah, beoek dibeulah toedjoeh, di tengahna aja sababaraha setan noe ngadjaga bari marawa toembak. Ajeuna katjaritakeun noe rek njoekang tea geus ngalioet hareupeun tjoekang nja eta B. O., Pasoendan, P.K.I. dj. r. d. Omong B. O. „Koe lantaran ieu tjoekang sakieu leutikna, oerang koedoe lalaoenan, kadjeun kendor asal salamet." Ari djawab P. K. I. Salah, mending loentjat bae ambeh ngarah tereh tepi". Tjeuk noe sedjen; „Lain mending kieu". Tjeuk noe sedjen deui: „Nis monding kieu!" enz. Koe lantaran pareboet omong, masing-masing pada hajang ditoeroet timbanganana. toengtoengna tjan naon-naon geus der bae gareloet pada batoer. nepi ka raroeksak. Si Setan-setan noe ngadjaraga tea nondjo noe rek njoekang raroeksak pasea pada batoerna, saleuseurian ngagakgak, bari moeas-moeas, omongna: Hah sia tjan naon-naon geus malodar!"

Aja deui tjonto: Tjeuk B. O. anoe resep kana kalemesan kunst Djawa: „Enggoning oerang ngoedag kamerdikaan teu. kunst oge oelah ditinggalkeun. saperti ngigel, tah sakitoe kalemesanana (koe Mr. Singgih bari dipetakeun kalemesanana ngigel)

Djawab P. K. I: „Lain kitoe ngigel rajat mah koedoe gagah tjara lagoe bendrong!" (bari dipetakeun).

Eta kaajaan ngigel, sanadjan oerang ngigel alaes, lonjes oge nja tjara ngigel B. O. tea, lantaran oerang diringkoes soekoe djeung leungeun djadi ngigelna teh ngan tiap bae kelekna meeka. Kitoe deui P. K. I. anoe ngigelna tjenah koedoe gagah. prekatangtang-preketingting, angkat kaki sepak sonder, koe lantaran diringkoes, nja kitoe keneh bae, malah djeung koekoeroepoekan, koe sabab motahna rosa, pangringkoesna pageuh. Tah koe hal eta lantaran oerang sakieu diringkoesna koe kaajaan kakoenaan, oerang sarerea koedoe ngadjadi hidji. lain mangsana oerang papaseaan djeung pada batoer deui. Pikiran koering sanadjan ajeuna masing masing koempoelan papisah, tapi ka hareup tangtoe djadi hidji, sabab beunang dibaratkeun kieu: Doea djelema moemoesoehan. dina hidji poe indit ka hidji tempat rek gareloet, tapi barang rek poer geloet, hol maoeng rek ngarontok. Eta doea djelema nendjo maoeng tangtoe geloetna moal djadi. anggoer malik ngahoeroep maoeng; lantaran sieun dihakan, toengtoengna sanggeus maoeng paeh djadi sobat deui. Nja kitoe deui oerang lantaran datangna maoeng noe rek ngamangsa, tangtoe taki-taki babareng sarerea ngalawan eta maoeng.

Satamatna Mr. Singgih biantara doegi ka dinja. disamboeng koe sababaraha oerang, njarioskeun kapanoedjoeanana, sarta sakalian kenah didamel motie anoe ditoedjoekeun ka rahajat.

Ti dinja ti saontas Mr. Singgih mere katerangan deui, ladjeng doeloer Soepradja maos motie, maksadna soepaja dioenggal tempat diajakeun koempoelan maksoedna ngahidjikeun. Bada maos motie. paoeseu sakedap margi Bestuur bade ngabandantenkeun eta motie tea, saparantosna ladjeng madjeng deui; motie diaosna sakali deui. saparantosna dioenean saoetak-saoetik ditampi koe kempelan.

Ajeuna Mr, Singgih biantara deui. ngaladjengkeun tadi, njarioskeun cooperatie sareng non-cooperatie. nja eta digawe babarengan sareng digawe teu babarengan, djadi maksadna moenggoeh oerang digawe teh kedah babarengan, tjape bareng tjape, senang bareng senang, oelah tjara ajeuna tjontona: di pabrik-pabrik, ari digawena babarengan, senangna teu babarengan, hartina boeroehanana teu njoempenan kana tanagana, djadi eta hartina lain digawe babarengan.

Pasal ieu ditjarioskeun pandjang pisan koe Mr. Singgih kalawan tjonto - tjontona. Satamatna ladjeng disamboeng koe Mr. Sartono. njarioskeun pojokan - pojokan bangsa Walanda di nagarana ka student bangsa oerang di ditoe, anoe katjida matak teu ngeunahna ka bangsa oerang ieu perkawis pandjang pisan ditjarioskeunana, sarta toengtoengna nga bantah kana eta pamojok - pamojok tea. Kalawan pameutana Mr. Sartono pikeun hormatan ka doeloer oerang student noe aja di nagara Walanda, koempoelan koedoe nangtoeng bari „Hidoeplah - Persatoean". Ti dinja djoeng narangtoeng bari njeboet, geus kitoe darioek deui, djeung Mr. Sartono neraskeun deui tjariosanana doegi ka tamat. Kinten-kinten taboeh satoe kempelan ditoetoep.

A. P. S.

## Manahaneun.

Kabiasaän atawa loeang loembrahna, oepama oerang boga doeit dina pes k f 1, atawa ka oerang aja noe nipoe pangadji f 1, basana teh: Doeit saperak-perak bae mah, menta oge moal boorong dibere, tapi eta basa teh ngan saoekoer dina lambe bae, boektina mah djaoeh pisan.

Geura oepama ka oerang aja noe datang, djelema tampa daksa, boh doeg. boh pengkor, boh lolong, anoe estoe teu bisa barang gawe, baris dahareunana sapopoe ngan ngandelkeun beubeunangan moesapir, paling oentoeng oge anoe mere teh paling gede sabenggol, atawa sangoe saboengkoes.

Mah di oenggal-oenggal pasar, dina waktoena poe pasar djelema anoe tampa daksa, ting darepong di sisi-sisi djalan, megat djalma anoe mudjoe anoe balik, niatna moesapir seegan aja djalma liwat, anoe welas, sarta roepa-roepa pokpokanana, aja noe ngadji bae, aja anoe njoeling atawa tembang, tapi beubeunanganana ngan oekoer tjoekoep didahar sap ëeun harita.

Nja kitoe deui oepami aja anoe kagoengan maksoed sae boh ngadamel sakolaän, pasantren sareng sadjabina, anoe didamelna kedah ditoelongan koe sarerea, boh koe roepa doeit, boh koe tanaga. Katjida haresena teh, lantaran taja sanes ngan koe tina dimanah koerang perloena keur salirana, da teu boga anak tea. anoe kaja koe kajana njääh koe doenjana dipitjeunan teu poegoeh, soemawonna anoe miskin njääh mitjeun tanaga teu poegoeh poegoeh.

Disim koering permios sakedap, bade mengkol heula saeutik, manawi aja damelna pikeun oemoem, namoeng sawangsoelna tilih bae ieu karangan teu aja goenana, atanapi matak ngadjoehalkeun kana manah noe maraos agoengna ka djoer. Redactie moegi dihapoentén.

Di Tjilatjap bangsa Tiong Hoa sadaja, ngadamel 1 Sakolaan pikeun bangsana sorangan, dingaranan sakola Tiong Hoa Hwee Kwan, anoe ongkosna keuging ngoempoelkeun (terms) ti sadjoemlahna eta Bangsa noe aja di kota Tjilatjap, anoe kaja noeloengna koe doeit, anoe miskin koe tanagana, nepi ka ajeuna teu kira-kira bae madjoena teh, nepi ka boga gedong sewaän sagala, malah tjek panjariosan. gedong Bioskop oge parantos gadoehna T. H. H. K. doeit kasna reboean perak. Gadjih noe djadi goeroena dina 1 sasih kirang langkoeng f 1600,— deui beubeunanganana panajaran ti moerid ngan f 1200,— djadi koedoe nambahan 1 boelan f 400.

Doepi ngatoerna kieu: Sadjoemblahna barang anoe asoep ka Tjilatjap, saperti Copra dipoengoet 1 pikoel 2 cent, barang toko anoe datang per 100 K. G. 5 cent, tina minjak 1 ol 2½ cent. Djadi saban-saban sasih anoe djadi pangoeroes, ngider ka saban toko-toko ngababantoen Kwitantie, malah kajeunaakeun sakabehna toko-toko harandeng sorangan.

Sareng aja deui anoe matak ngagetkeun kana hate dina hidji waktoe djisim koering namboet serat chabar Sin Po, barang diboekaän dina eta s. k. aja hidji gambar potret gedong-gedong Sakolaän loeboer di kota Amoij (Tiongkok), di handapna aja seratanana, jen eta sakola kekenginganana sagala ongkos-ongkosna ti 1 djalma namina Tan Kah Kee oerang Singapoera, anoe maksoedna baris noeloeng djalma miskin, malah tjariosna, oepami oerang dieu bangsa Tiong Hoa, aja anoe hajang sakola, teu boga ongkos (tekel) di ditoena, asal aja keur ongkos kapal bae, di ditoena mah pere, pere dahar pere pake pere sagalana.

Tjik atoeh iraha bangsa oerang bisa noeroetan tjara batoer? Oepama bangsa oerang aja anoe saperti djr: Tan Kah Kee meureun satoengtoeng aja doenja mah, moal leungit ngaranna.

poen.

**Kartamihardja**

Tjikembeelan.

## KINTOENAN.

### Waleran Wahja Diatmika ka Sipatahoenan.

Hatoer noehoen noe taja hinggana ka Sipatahoenan, wireh parantos kersa ngageuing sareng maparin temah wadi ka priados, poen Wahja Djatmika.

Saperkawis noehoen wireh Sipatahoenan parantos kersa maos kana eusi W. Dj. ditetek saketjap saketjap, djadi äsa noe njarita digoegoe. Ka doea noehoen margi koe panggeuingtea matak tiasa netelakeun noe kirang tetela, ngaloereskeun anoe lepat.

Saperkawis tina maksadna Wadja. Naon Wadja teh, naha orgaan, naha tijdschrift?

Pikeun waleran anoe djas: Wahja Djanuka teh „tijdschrift" bari djadi „orgaan". Koempoelan Wargi Bandoeng.

Anoe mawi disebat orgaan W. B. margi saperkawis noe ngaloearkeunana Kempelan W. B. kadoea dina eusina bade dilebetan saniskanten kaperloean kempelan W. B. sakoemaha biasa anoe disebat orgaan tea.

Nanging soemangga manah, noe parantos kalampah kapengker-pengker hentoe aja koempoelan bangsa oerang Priboemi anoe bisa ngaloearkeun orgaan kalawan pandjang oemoerna atanapi angger bidjilna, lantaranana kantenan tina kirang modal tea. Kana orgaan tara aja noe ngalanggan lintang ti elid pakoempoelanana. Komo moen eta orgaan dibagikeun pertjoemah, beuki pondok bae oemoerna.

Koemaha atoeh pikaleunana sangkan hiroep madjeng? Teu aja sanes, kadjabi ti kedah bari djadi tijdschrift anoe dieusi karangan karangan anoe mangpaat pikeun sarerea, pikeun elid W. B. sareng noe sanes elid, soepados tiasa kenging langganan ti loear.

Sakoemaha noe parantos diseboet tadi pieusieunana Wadja teh baris diseueuran karangan - karangan noe mangpaat, doepi kaperloean W. B. mah saeutik bae, sakoer anoe katjida perloena; kawoewoeh kaperloeanana pakoempoelan mah biasana oge tara oenggal sasih. Wadja no. 1 parantos netelakeun koemaha pieusieunana saladjengna.

Tjindekna tjarios lahirna Wadja teh tijdschrift, anoe ditedakeun hajang kenging langganan seueur, anoe diadjeng adjeng soepados seueur noe kersa nga lebetan karangan.

Akal noe bade dipetakeun koe W. B. sanes nombe kadjadian ajeuna, ti kapoengkoer oge parantos diraiampah keun. Sarikat Islam teu ngagadoehan orgaan lintang ti soerat soerat kabar djadi perloe kasamboet, soenat kalam pahkeun, orgaan anoe bisa hiroep lila. Oetoesan Hindia sareng Kaom Moeda dina djaman harita, boh koe noe tihandap, boh koe noe tiloehoer, disarebat orgaan Sarikat Islam.

Di Djokja, Solo sareng Samarang aja serat kabar noe djadi orgaan S. I. di Djawa tengah. Lain perkawis aneh!

Sipatahoenan pinoeh koe adverteu-

**Deudeul persatoean Indonesia soepaja geuwat djadi!!**

tie. (Henteu doegi ka pinoeh mah! Red.) anoe ngadamel reclame, nganggo moedji maneh. Djamak oenggal reclame ge nja kitoe. Wadja noeroetan, njebatkeun diaping koe boedjangga sareng oelama, awahing koe hajang padjeng. Ieu mah perkawis alit. Ach, kade Wadja oelah ngabohong, da dieusi agama.

Henteu ngabohong, tingali bae engke boektina, nanging kedah dielingkeun noe ngaping sanes deui sareng noe diaping.

Anoe sakalangkoeng dinoehoenkeunnana koe Wadja panggeuing Sipatahoenan anoe kadoea. Wadja parantos koemawantoen nganggo ketjap kirimkeun doepi kedahna kintoenkeun. Harita keneh bae didangdosan. Wadja noe kapajoen mah kenging ngagentos.

Eta kalepatan sanes pisan dihadja bade ngahina, awahing koe katjaletot bae. Ma'loem lalamina hiroep teh aja di rorompok. toeman ngomong songong djeung pamadjikan djeung anak Aja sakinten bae ari adoe hareupan mah sareng menak sok rada emoet kana basa lemes, doepi dina waktos ngarang mah sok sering pisan katjaletot. Nadjan adoehareupan oge, oepami parantos lami teuing mah, oeteuk parantos tjapeeun, oendjoekan ka Dalem oge sok torodjol bae basa songong teh, teu dihadja.

Koe margi sakitoe bok bilih aja noe ngaraos dihina koe Wadja, moegi ageng tawakoep.

Doepi panggeuing noe katiloe lang koeng sae montong diwalon, oerang pasrahkeun bae ka noe maraos eta karangan. Oepami tjek lolobana djelema oerang Priangan ti menakna dongkap ka somahna, sanggem Wadja teh lepat, atoeh nja soemedja njanggakeun dikalelepatan bae, moal sakali-kali deui njarios kitoe.

Ajeuna bade ngawaler ka djoeragan Pantjaniti dina Sipatahoenan No. 11. Perkawis kempelan Wargi Bandoeng SANES PAKEMPELAN MENAK; pakempelan anoe biasa bae, sapertos B. O. atanapi Pasoendan. elidna teh aja santana, malah lolobana mah somah. Oerang kedah ngamanah pandjang kana ketjap menak. Oepami hidji djalma parantos welasan toeroenan ti Boepati, sarta pinareng ti loeloehoerna, nini akina, boejoet baona teu aja daradjatna, teu djeneng, teu beunghar, teu pinter, malah bogana pamadjikan oge geus njorok ka somah bae, tah, eta anoe kitoe kitoe, naha beunang diseboetkeun menak? Ari kana kawargian mah tangtos kenging, da poegoeh satoeroenan, laerlaer oge, disebatna baraja laer. Sabalikna oepama hidji somah bolongkotan boga anak, oepama djadi doktor, touloej anakan deui kaloear ti H. B. S. teroes djadi pangkat loehoer pek ieu teh anakan deui, djadi patih atawa bopati, naha eta patih atawa bopati teh koedoe diseboet somah bae?

Koempoelan Wargi Bandoeng anoe ajeuna elidna kakara 2000 langkoeng menakna mah moal aja 40%.

Komo engke oepami parantos njambat koempoelan noe sanes, kantenan precentagena beuki kirang bae.

Koe margi panjangkena djoeragan Pantjaniti lepat, djadi saniskanten timbanganana dina Sipatahoenan oge kantenan teu patos leres. Sedjen basa sedjen rasa (koemaha benten basana? Corr.)

Panoetoepan tjarios sakali deui Wadja hatoer noehoen kana panggeuingna Sipatahoenan.

## S.T.B A. Pagadenbaroe kabeurangan.

Wengi Saptoe taboeh 4 djanari (ping 3 September 1926) abdi bade ka Tjikampek ngaboedjeng kareta noe ti Pegaden taboeh 5-20 mn. barang dongkap ka Station njampak poeloeh poeloeh djalma anoe bade toempak kareta di kinten-kinten 5 menit deui kana kareta api indit STBA na teu atjan datang ari datangna parantos lotjeng 2 atoeh kapaksa abdi toempak bae da aja perloe dienst teu kaboedjeng meser kartjis teu lami kareta indit djol Conducteur mariksa kartjis atoeh abdi didenda moeng dendaanana abdi helok kartjis ti Pegaden ka Tjikampek f 0,52 tapi dipenta f 0,77 doeka dendaan naon oepami noemoetkeun dendaan mah Pegadenbaroe ka Tjikampek teh kedahna f 1,02 (Oepama noe toempak bebedja sorangan dongdaanana ngan f 0,25 Red.), sareng eta Conducteur aneh 1926 X aneh naha aja ngadenda teu masihan serat (Seplutoir) koemaha eta artos teh lebet kana kantong Conducteur?

Sareng eta abdi mah koe watir ka djalma anoe opatan salakina bodjona sareng 2 anakna anoe tadi siangna nampi telegram ti doeloerna di Haoerpoegoer njariosan doeloerna maot, eta majit oepami teu atjan dongkap doeloerna ti Pegaden moal waka di koerebkeun, sedeng doeloerna anoe bade toempak kareta djanari tea, ngadak-ngadak S.T.B-A. na bet kabeurangan atoeh eta djelema teh moal tiasa noengkoelan majit.

Koemargi eta moedah-moedahan ieu karangan abdi koe djoeragan Redacteur tiasa dilebetkeun, sareng moegi kaoeninga koe pangagoeng S.S, eta S.T.B.A. Pegadenbaroe oelah deui deui kabeurangan.

S. T. M.

Pegaden, post merk

Langganan No. 684.

Locar tanggoengan Redactie

## „Manggih anoe aneh"

Dina malem Kemis tt 9 Sept '26 di kampoeng Saronggé dessa Padaherang, onderdistrict kalipoetjang district Pangandaran, aja hidji abdi nami bapa Sawa, noedjoe gadoeh hadjat, nja teu woedoe rame margi nganggo najoeban, ondanganana noe daroengkap seueur, angot noe laladjo mah, tjeuk babasan mah mani heurin oesik, sadjabi ti najoeban aja noe aneh aneh tjeuk koering mah, geura kieu: Aja hidji djalma ngaran Muhmoed oerang kampoeng Tjipitjoeng dessa Tjigandjeng katjamatan Kalipoetjang, noe mingsal karesepna, ari batoer kana najoeban, ari manehna mah bet moeka paririmbon, prak diboeka di moeka orang banjak, tajoh aneh da pajoe pisan, ari paririmbon teh sihoreng mata 3. 4. 5. 6. kalabang djago oraj bangkong, ana proeng teh rame pisan, mani djoeng-djreng artosna teh, nja eta atoeh teu langgeng karesep teh, keur rame-rame djeboel poelitie, nja eta Loerah Padaherang noe kamashoer tjakep, djenenganana Mas Madraip teu aja karempan taja karisi dasar Loerah njekel Dienst, troes bae eta ki Machmoed ditangkep, lapak dirampas doeit ditjokot aja boekti f 3,15, zegge tiga roepia lima blas cent, ari ki Mahmoed mah pasrah bae teu aja tingkah kitoe kieu roepina prantos roemaos gadoeh dosa, ngan aja noe aneh omonganana kieu seg bae djoeragan abdi ditangkep. ngan abdi baris ngoendjoekkeun noe maling djati margi hajang bareng-bareng di boei, 1 bapa Soehadi oerang Padaherang kolot, 2 Loerah oge geus make kai boekti, malingna geus dihoekoem, ari kai boektina dipake boemi djoeragan Koewoe istri anoe anom, koelantaran ki Machmoed ngotjomang kitoe, doeka koemaha bet djoeragan Koewoe Mas Madraip tea, troes bae eta lapak sintir dipoelangkeun deui ka Machmoed, ngan artos noe f 3,15 leh roegi margi ngan katampa deui 15 cent, djadi roegi f 3,— aari tjeuk Loerah kieu omongna, geus bae padapada repeh, sakitoe soteh ngadjalankeun Dienstna poelitie bae koering mah.

„Tah tjeuk koering oge aneh ieu teh, naha bener noe ngadjalankeun kapoelisian kitoe? djeung henteu beunang ieu loerah di seboet noetoep perkara?? Sanget panoehoen koering salambar Sip. moega sanggakeun ka Kangdjeng Toean Asistent Resident Tasikmalaja, samemehna koering timpah hatoer noehoen.

Kopjah beureum.

## Bibit kasenangan.
(Samboengan).

Na iraha mangsana atoeh, kapan ieu geus tjoeeut naker, geus teu koeat nandangan kateungeunahan, noe nagih belasting djoel-djol; he, mangsa, geuwat geura datang!

Ke, sabar. Moal aja kateungeunahan noe dibales koe kateungeunahan deui, tangtoe koe kasenangan, ngan saratna koedoe ngarobah tabeat noe matak djadi sial djadi halangan kana hasilna maksoed. Kapan tjek boekoe Wet Alam oge: Moal dioendakkeun daradjatna hidji kaom, satoengtoeng tatjan ngarobah kana tabeatna noe matak mawa kana karendahan."

Naha tabeat naon, naon atoeh noe matak mawa kana kasialan, karendahan teh? Beu loba pisan diwintjik hidji-hidjina mah. Tabeat noe pangpangpangna koedoe dirobah teh nja eta tabeat kangedoelan, katentoemarimaan koedoe diganti koe kagetolan, kasatiaan plichtsbesef.

Teu kaharti; koerang koemaha oerang Dieu getolna, banting toelang ngabelaan anak rabina djeung lemah tjaina. Noe di lemboer ting darekoel maratjoel; noe di kota balatak noe propaganda ngoedag-ngoedag kasenangan, malah geus mandan kana dirina pribadi, loba noe ngorbankeun maneh.

Ih lain kitoe. Perkara eta satoe teu dileungitkeun. Ngan sadjeroning kitoe teh oelah asoep kana babasan „Moeroe-moeroe soenat, ninggalkeun wadjib", djeung djampe „koedoe ngoekoer ka koedjoer nimbang ka awak" teh adji bener-bener.

Waktoe ajeuna oerang tatjan mangsana ngomong: „Kadieukeun warisan aing, banda aing toetoeroenan, da ajeuna mah aing geus gede, geus bisa soegan ngoeroes banda sakitoe bae mah!" Bo masih keneh tangeh.

Naon sababna? Kieu. Dina kapinteran tatjan maro-maro atjan oerang Dieu teh, tjara pare mah karek tjoel tjel; dina dagang pertikel eleh koe asing; dina tani teu boga hasil noe sapantesna, moemoengelna mah koe asing keneh bae. Leuleutikan bae patoekangan njieun badjoe, njieun korsi, medja d. s. t. dina karapihanana, dina limit, dina potongan, dina ngetjet eleh koe Tjina. (Koemaha satiana? Corr.) Naha oerang dieu euweuh noe bisaeun njieun noe kitoe? Poegoeh bae aja mah; moeng noe mawi panganggo djabroel, djamboeraoel, asal tina ngedoel hajang boeroe-boeroe ngeboel, toengtoengna mah ngagoerawil, sakahajang teu hasil, bongan koe batoer kadeseh toengtoengna dimoerah-mareh keur mah adat henteu sareh.

Dina hal beunang dipertjaja (eerlijkheid) nja kitoe keneh. Saperti bangsa pamingpin koempoelan-koempoelan noe geus dipertjaja njekel doeit, teu koerang noe ngagasab kana doeit koempoelan, lantaran koerang pademen hate kaberesihan, babakoena noe koerang mirosea atawa samasakali teu ngambeu-ngambeu kana agama.

Naha agama make njabit-njabit kana hal eta? Naha enja agama bisa nepikeun kana djalan kamerdikaan?

Poegoeh bae. sagala poko kasenangan, kasoesahan aja dina oendang-oendang boekoe Wet Alam (Koer'an). Anoe matak koedoe didjoengdjoeng agama teh.

Waktoe Kapala Agama Islam djoemeneng keneh, dina abad katoedjoeh Masehi, waktoe oerang Islam katjida soson-sosonna kana ngadjoengdjoeng agamana, daradjat oerang Islam katjida loehoerna. Bawahanana noe aranoet katjida legana, meh sabeulah Europa, Islam; kapinteranana ngoengkoelan ka sarerea, nepi ka ajeuna oge aja keneh tapakna noe dipoeloengan koe oerang Europa.

Tapi koemaha kabehdieunakeun? Daradjat oerang Islam beuki lila beuki moendoer, koe lantaran ngalalaworakeun kana agamana, teu merdoeli, malah nepi ka ngejehkeun.

Di Hindia aja ± 35 millioen noe ngakoe Islam. Sabaraha peresen noe ngejehkeun, sabaraha peresen noe teu merdoeli, sabaraha peresen noe lalawora. Sabaraha persen noe enja-enja ngadjoengdjoengna? Paling aja noe enja enjaan 10%. Djadi pantes ana kitoe mah daradjatna noe 10% teh kalindih koe kasialan noe 90%.

Kaom noe ngadjoengdjoeng kana agamana, didjoengdjoeng deui daradjatna koe noe maparin agama.

Djadi ana kitoe agama teh oelah kaloeli-loeli, sabab eta noe ngadjoengdjoeng kana daradjat teh.

Ah da eta teu kaboeroe tjenah, teu aja waktoe, repot koe gawe babakoena sangeuk, ngedoel (atawa samasakali teu ngadjenan).

Ih oelah kitoe kapan tadi oge: „Koedoe ngindoeng kana waktoe ngabapa ka mangsa".

Sagala roepa lalakon, pagawean dst pada boga waktoe pada aja mangsana.

Aja waktoe hiroep, aja waktoe paeh. Waktoe hiroep ajeuna keur dilakonan, Waktoe paeh nja eta waktoe sanggeusna beak waktoe hiroep, noe sarerea tangtoe ngalakonan; moal bisa soemingkir deui, da tara aja noe megar; ngan iraha-irahana taja noe terang, matak aja babasan „hiroep katoengkoel koe pati, noe matak sing ati-ati. Ati ati dina keur hiroep sing bisa ngabagi bagi waktoe, noe baris pisenangeun dina waktoe koemelendang djeung dina maot.

Naha aja teu senangna (teu ngeunahna) dina waktoe maot?

Poegoeh bae. Kapan maot teh hidji liang (djalan) noe leutik pisan ngan saoekoer njawa montjor. Kanjeriananna teu aja noe bisa njaritakeun da teu aja noe paeh balik deui. Ngan dibandingkeun djeung oepama oerang nahan ambekan, teuleum atawa katjekek, geuning sakitoe teu ngeunahna, njerina. Loba djelema noe adoeg ladjer dina sakarat. (Ieu roepina noe kirang pasrah. Red.)

Tina naon eta teh?. Nja tina njerina. Tapi sanadjan sakoemaha banggana sakoemaha pajahna oge koedoe bae-pisahna, koedoe bae pegatna badan djeung njawa teh, noe geus sakitoe lilana ngahidjina. Kapan ditinggalkeun koe anak oge tjatjakan misah badan misah njawa sakitoe teu ngeunahna,, komo ieu mah noe ngahidji; ngahidjina teh nepi ka teu bisa misahkeun mana badan mana njawa. Djol deui pangrewong anak, pamadjikan noe sakitoe dipitjintana koedoe ditinggalkeun. Beu beuki hese bae maot teh. (Oelah dipikasieun maot mah ngan oerangna kedah atos atos bae Red).

Na aja oebarna sangkan maot djeung kasenangan?

Poegoeh bae. Kapan tadi oge koedoe bisa ngabagi-bagi waktoe. Aja waktoe pikeun digawe, aja waktoe pikeun sare, aja waktoe pikeun ibadah. Waktoe digawe (njiar kipajah) pikeun kasenangan di doenja; waktoe ibadah pikeun kasenangan di acherat, noe bakal ngenteungkeun dina maot.

Waktoe digawe oerang koedoe digawe sabenerna, kalawan elmoena; waktoe sare koedoe sare, lamoen teu kitoe djadi panjakit; nja kitoe deui dina datang waktoe ibadah oerang koedoe ibadah noe sabenerna djeung elmoena deui, oelah doer magrib koedoe vergadering, ka societeit, beak waktoe Isa masih keneh najoeban engklakengklakan, Soeboeh kabeurangan, da toendoeh oeroet peuting, Lohor masih dikantor balik elat, Asar kana maen bal. Naha eta henteu ngaroempak kana papagon Wet Alam? Poegoeh bae ngaroempak mah; matak sial, matak noeroenkeun daradjat, matak ngoerangan rachmat. matak teu mahi gadjih; kapan ari diseboet teu boga iman mah emboeng. Ari kahajang diseboet iman, pertjaja, tapi tjangtjaja, migoesti salira ati, miratoe tapi disatroe.

Koemaha teu rek katoelah atoeh, da dipiwarang sok moengpang, kana piwoeroek moeroegoel, sok ngawoela kana ngedoel, kapan ari dianak terekeun mah moemoel.

Saha ieu teh noe ngotjomang pipinteranan, gandeng!

Poenten bae, sanes pipinteranan, sasantrianan moeng ieu mah mintonkeun keretegna padoengdengan hate, bongan nempo tina panon, kontak sareng otak teroes kana oerat leungeun, oetek-oetekan ramo noelis, nja ieu roepina; namoeng tjek santri mah wollohoe Alam kamanah henteuna mah.

SOENARDI.

BOGOR, datum postmerk.

## Pergerakan sagawe.

*Samboengan.*

11. Pangharepan Ongediplomeerden kana djadi Assistent Wedana, atawa kana bevordering beuki euweuh, sabab memang pangkat Assistent Wedana mah bagian O.S.V.I.A.

12. Djadi Ongediplomeerden mah bisa djadi Assisten Wedana teh koe aja kamoerahanana noe ti loehoer, lamoen euweuh abis perkara.

13. Euweuhna ieu pengharepan parantos boekti. sapertos:

a. 5 taoen ka toekang sakola f 0,25 bisa keneh kana Pangkat Wedana, tapi ajeuna ampir teu aja da geus rea O.S.V.I.A. anoe memang mistina.

b. beuki dieu boro boro kana pangkat wadana, Assistent Wedana oge hese, atoeh da koemaha lain hakna.

c. 3 taoen ka toekang Mantri Veld politie bisa dieusian koe sakola satalen, tapi ajeuna Mantri Veldpolitie geus aja noe ti O.S.V.I.A.

d. nepi ka taoen 1921, kaoem Ongediplomeerden H I.S. masih mandjoer boektina dina Hulpschryver rata rata lilana sataoen, tapi mimiti taoen 1922 aja H I.S. anoe dina pangkat Hulpschryver geus 5 taoen, atjan bisa benoem.

e. Koemaha rek aja lowongan keur Ongediplomeerden, da pangkat Mantri mantri geus hak O.S.V.I.A.

14. Djadi dina waktoe ieu nasib Ongediplomeerden pangtjilaka tjilakana, gadjih leutik, pagawean beuki loba. pangharepan beuki euweuh.

15 Boekti anjar anjar di bawahan afdeeling Oost Priangan, aja 6 schryver 1e, klas noe ditoetoep pangharepanana kana pangkat mantri, lantaran geus kolot teuing oemoerna, nepi ka kapaksa pangsioen tina Djoeroetoelis toer maksimoem gadjihna ngan f 70— katjida nalangsana koe nasib noe tjara kitoe.

16. Dina waktoe ieu kakara kaom sakola 2e. klas anoe geus tjilaka teh tapi ka hareup mah H. I. S. ge lamoen tetep atoeranana misti kagiliran.

17. Anoe matak njoehoenkeun atoeran gadjih diganti koe A. 18. oge' nja eta di mana teu bisa naek pangkat kana Mantri, atawa Assistent Wedana, kadjeun da gadjih aja meuneusan, djeung hakna. sabab H.I.S. teh oepama teu salah, gadjih mximumna f 200,— (aja dina Staatsblad).

18. Kaom Ongediplomeerden, ajeuna tjape ripoeh oge dikeureujeuh, da dibibitaan bisa nepi kana Assistent Wedana, teu diingetkeun jen eta pangkat saenjana lain hak Ongediplomeerden, nja kadjadianana mah pangsioen di kantor tea bae.

Tjobi oepami atoeran gadjih koe A. 18 mah, kadjeun teu kabagian pangkat A.W. oge da gadjih geus mistina.

19, Soegan, geus meudjeuhna Inlandsch Bestuur teh diomean harkatna, saperti Europeesch Bestuur, sapertos di kantor Europa, aja kantor Amtenaren (Klerk, Commies) di Inlandsch Bestuur oge geus mistina djamanna naek harkatna, aja kantoor ambtenaarna.

A. Achttien.

## Raad Kaboepaten.

**Rarantjang begrooting kaloearan djeung panarimaan pikeun kaboepaten Tjiamis tahoen 1927.**

Red. nampa rarantjang noe kaseboet di loehoer.

Kaloearan dibagi 16 bagian. 1. Pikeun gadjih djeung kaperloean bistir Kaboepaten f 6800.—

2. Pagawean oemoem noe sakadar teu kaasoep kana bagian noe lian di handap ieu katoet gadjih pagawena f 72412 - 3. Pameuntasan (eretan-eretan) f 330 — 4. Pikeun ngoeroes kabersihan f 1750 - (koerang f 650 ti tahoen 1926) 5. Parabot kahoeroean f 150 — 6. Pakoeboeran oemoem f 174. (Euweuh ongkos koeboeran bangsa Priboemi). 7. Oeroesan adegan-adegan f 440-- (koerang f 660 batan tahoen 1926). 8. Tempat pamotongan f 1020.— 9 Pamariksaan chewan djeung daging f 750.— 10. Soepsidi f 625.— 11. Panagihan padjeg f 550.— 12 Pasanggrahan f 550.— 13 Pangsioen f 732.— 14 Pereskot gadjih pagawe kabopaten f 500.— 15. Panggantian ongkos pindah f 100.— 16. Kaloearan noe teu tangtoe f 5210.— Djoemblah kaloearan f 92043. (koerang f 115 batan tahoen 1926). Panarimaan nja eta roepa-roepa padjeg djeung sewaan aja 18 roepa, djoemblahna f 6979.— Soembangan ti nagara disoehoenkeun f 8 5064 (leuwih f 2998 batan tahoen 1926). Djoemblah panarimaan f 92043.

Heran naon sababna noe matak begrooting Kabopaten Tasikmalaja, Garoet djeung Tjiamis, henteu dibagi djadi doea, nja eta kaloearan biasa (gewone) djeung kaloearan loear biasa (buitengewone uitgaven). Eta soegan pedah euweuh bae kaloeran loear biasa?

## Pirakoe teu njaho basa.

Dina hidji poë di salah-sahidji dajeuh di Priangan koering ngawangkong dipengkolan djeung salah-sahidji Loerah noe tas setor padjeg; barang koering keur oeplek ngawangkong, njaritakeun bedjana di salah-sahidji Raad kaboepaten aja sawatara elid noe taja lian gawena ngan ngetjapkeun p o e r djeung t e h e n, djeung hal propagandana P. E. B. soepaja ngeunakeun pangaroeh ka elid-elid raad Kaboepaten, eta Loerah teh bet oendoer-oendoeran

Deudeul Sipatahoenan koe ngilari langganan!!

semoe isin, barang aja menak geus dawoek ngaliwat, koering oge pipiloeeun niron-niron noe isin.

Barang geus deukeut eta djoeragan noe dawoek teh ka Loerah nanja kieu: „Aeh, Loerah maneh djagdjag keneh?" Loerah teu ngadjawab komo koering.

Barang geus djaoeh noe nanja ka Loerah teh, koering nanjakeun ka mang Loerah, saha eta noe nanja tadi teh.

Ari djawabna: „Eta teh oeroet goeroe oerang baheula, ajeuna mah meureun geus pansioen, noe matak daek nanja oge, ngan koe teu oejahan nanja teh, pirakoe teu njaho basa, meudjeulna mah emang noe nanja kitoe teh, tapi eta meureun pedah oerang ngan saoekoer djadi Loerah."

. Koering seuri koneng djeung heran deui kawas lain oeroet goeroe, teu njaho metakeun basa, kapan eta Loerah teh oeroet moeridna; na pantes djalma noe geus liwat toenggang goenoeng, malah ampir-ampir rek geus oetjang-oetjang dina roeangan, nanja ka noe ngora kitoe? (Ari ka oeroet moerid noe ngora keneh mah pantes oge Corr.)

Asana teh, abong-abong ka mang Loerah, njapirakeun teuing.

Tapi „pirakoe teu njaho basa" mah, eta noe nanja teh.

S.

## KOROPAK.

S. W. K. Bandoeng teu atjan tiasa kalebetkeun.

## Kabar penting kanggo ahli tani.

Di sela-sela kalapa, di pipir boemi perloe dipelakan KOPI, anoe hasilna oenggal dinten mirilik. Kilangbara ngahadja ngebon sing lega mah.

Di Toko Pasoendan njajagikeun binihna, Kopi petingan bibit no. 1 wedalan Landbouw, nembe katampi pisan. Oepami perloe enggal moendoet sabarahaeun. Tjonto dikintoen oepami dipoendoet.

Noe ngantos.

## Rembang djeung Lasem keur dipasang lampoe listrik.

Memeh tjaang geus katendjo sarta katjipta bae marakbakna katembong ti Moeria mani rapang hoeroeng hibar di eta doea kota, leutik tapi njari, teu njana misnem ajeuna mah geus digeulang emas, peupeuleukeuk kewes pantes toer joeni.

Tjing ajeuna oerang nempo ti Galoenggoeng, ka wetan pook mongkleng kang Poera teu atjan soeka di lampoean. Kakara ka beulah koelon nadjan tjamberoet rea noe kairoet koe Garoet mah boeboehan soetji, moegamoega sing teroes djeung ati.

Tjiamis kari tiisna, naha GEBEO moal aja manah roeroempaheun njaangan Tjiamis.? Bandingkeun djeung noe di loehoer. Sing emoet, tjaang teh sami sareng 5 oepas malem lampoe hidji.

## Awęwe Toerki.

Mimiti 1 September 1926 awewe-awewe Toerki disatoeakeun hakna djeung lalaki, koemaha hak hakna teu atjan mendak wartos, taksiran moal aja awewe noe narima letter D. atawa didoea soemawonna ditiloe mah. Nja sakitoe ge pitjontoeun. Hal ieu ngaramekeun eusi Europa noe marere advies dina koran-koran.

GEBOREN:
**TOETI HAMIMZAR.**
*Tanggerang 16 September 1926.*

## Dongeng djaman koena.
### ASMARANDANA.

1. Pangheulana noe koemelip, oemat noe gelar ka doenja, djalma monjet andjing kalde, eta mahloek anoe opat, kersana noe Kawasa, oemoer arek diatoer, tiloe poeloeh taoen sewang.

2. Kalde kaliwat prihatin, oendjoekan bari dareuda, Moegi Goesti sing hawatos, abdi neda dikirangan, margina moal kiat, hiroep tiloe poeloeh taoen, njandang lara kabalangsak.

3. Ti endjing doegi ka wengi, didamel taja reureuhna, tjape gawe teu kapake, seubeuh teunggeul batan parab, henteu sareng rasana, moegi dipondokkeun oemoer, hiroep ge kirang pedahna.

4. Saoer Goesti maha Soetji; „Lamoen maneh teu narima, hade koe aing dipotong, djadi ngan dalapan welas", kalde atoheun pisan, soedjoed bari toeloej oendoer. ganti andjing dipariksa.

*Aja Samboenganana.*


**Toko ROEKANTA Lengkong.**
Tasikmalaja.
Di paloenaun Kantor Provincie.

Sagala roepi mirah, margi djisim koering mah ngabantoen batina saeutik. lantaran teu gadoeh oeroeseun. sareng sagala roepi dipigawe koe djisim koering. Mangga njobian barang galeuh.

TEH OBAT!!! Parantos kasohor, landong kasehatan. Mangga njobian.

Boekoe recept à f 0.50



**Toekang Nganjam (Vlec RASWAN.**
Desa Tjiboengkoel
INDIHIANG.

Njajagikeun saniskanten anjaman, sapertos:
1 Dompet tina awi noe lemes sareng kasar.
2 Kimpoel tina awi sareng rotan.
3 Samak tina awi sareng djaksi.
4 Topi roepi² tina awi sareng djaksi.
5 Tempat kembang tina awi sareng rotan.
6 Tasch pakean tina awi sareng djaksi.
7 Tasch tina djaksi anoe lemes tea.
8 Tempat boeah tina awi.
9 Pakket tina awi sareng djaksi enz. enz.

Noe ngagaleuh itjaleun deui kenging kirang tina biasa. Padamelan ditanggel, margi wedalan Ambachtsschool Tasikmalaja sareng parantos kenging Diploma ti Pasar Gambir Batawi 1926.

Noe ngantos² pesenan
**Raswan.**



**COIFFEUR**
**B. OETIH**
Toekang maras

Djadjawaj Tasikmalaja.

Parantos njajagikeun medja tiolet anoe anjar endah pisan, padamelan resik sareng parantos aja knecht anoe pinter. Masing emoet oelah lebar artos saeutik noe didjagi kawarasan. Roa kadjanteuan anoe ditjoekoer koe noe kirang apik ngadjantenkeun tjilaka salira. Mangga saroemping.

Noe ngantos
19 **B. OETIH**

Tjaket Soos. K. M. Tasikmalaja



**„Sinar Kamadjoean"**

Djoeragan-Djoeragan!!!

Oepami palaj njenangkeun manah, teu aja deui LANDONGNA kadjabi ti kedah maos boekoe anoe PENTING anoe kaloearan ti toko boekoe sareng noe ngarangna parantos DJEMPOL....

Saha tea...? Noe mana...?

Pirakoe henteu kenal ka Djr. M. I. PRAWIRA-WINATA ka Djr. JOEHANA, ka toko PASOENDAN ka BALAI POESTAKA sareng ENZ.

Tah eta teh sadajana boekoena disajagikeun pikeun SALAMINA kanggo TAMBOETEUN sareng GALEUHEUN

Geura mangga soemping!! ka Bibliotheek „Sinar-Kamadjoean" di Poengkoereun boei TASIKMALAJA. 4



**BIBLIOTHEEK**
**„Sinar Kamadjoean"**
Tjikiraj — Singaparna.
Agentuur en Commissie Handel
ENGGAL SOEMPING!

Djoeragan-djoeragan oepami palaj raos manah oelah ngoengoen teuing, enggal ngagaleuh boekoe-boekoe kaloearan ajeuna model ajeuna anoe loetjoe, anoe penting, soepaja daradjat ngalih kana kamoeljaan.

Maksadna nja eta soepaja, kabingoeng lipoer, kasesah teu aja berewit teras laleungit. anoe ngoengoen anoe poejeng tangtos damang djeung goemoedjeng.

Oepami moal ngagaleuh, namboet oge mangga pisan.

18 Hoermatna noe ngantos²

**Moehamad Dachlan**
**Tjikiraj Singaparna.**



**TOKO**
**Universeel Agentschap**
**NIC MULLER**
**TASIKMALAJA**
**Goenoengladoe No. 15**
Telefoon No. 26.

PATENTMEDICYNEN (obat obatan segala roepa)
Chemicalien (bakal obat)
TJELEP (Sipoetan) segala roepa.
Soda Api, Soda Api, Soda Api.
Rookwaar (barang roko)
Suoepgoed (goela goela)
Medicinale dranken (minoeman obat).

AWAS. Di saban tempat besar di Priangan wetan kami tjari agent boeat djoeal lagi kami poenja djoealan.

Dan kami djoega tjari orang jang maoe koeliling bawa djoealan.

Oentoeng bagoes, tetapi misti ada soerat borgnja.

Boleh minta prijscourant (preskoran) dapet kirim pere.

Segala obat bisa kirim rembours.

HARAP MAMPIR boeat lihat djoealan di toko dan boeat adjar kenal.

1 Banjak hormat

**Nic. MULLER.**



**ADRES noe parantos KASOHOR**
**DAHJAN**
Toekang Mas Roemah No. 18
TASIKMALAJA.

Ngitjalkeun roepi-roepi perhiasan tina mas sareng perak. damelan pribadoe, sareng nampi padamelan sapertos: Ngadamel pending (band) pinggel peniti, soember, lilipen, padamelan ditanggel sae sareng enggal.

Djabi ti eta ngitjal roepi-roepi erlodji sakoe, erlodji tangan, wekker, dompet alpaka model anjar sareng seueur-seueur deui perhiasan mangga djoeragan-djoeragan enggal saroemping soepados kaoeninga.

— :o: —

Tina Tentoonstelling Tasikmalaja parantos kenging:

EEREDIPLOMA MEDALI
3 MAS.



**DOCTOR SOEKARDJO**
**Heerenstraat No. 18**
**(Poengkoereun Masdjid)**

Nampi tamoe oenggal dinten. 15



**AWAS MERK**
**„Sinar Karadjinan"**
SINGAPARNA.

Dioesahakeun koe reka daja oerang Soenda kaloearan Ambachtsschool Tasikmalaja.

Saban dinten nampi pesenan roepi-roepi korsi tina hate (hinis) njakitoe deui parantos seueur boboeatan sim koering noe padjeng di mana mana.

Nampi padamelan ngadangdosan korsi anoe parantos resak, ditanggel ongkos mirah.

Djoeragan-djoeragan istri disajagikeun tempat lemareun tina roepi-roepi anjaman sakoemaha kapalaj tangtoe katjoemponan.

Noe ngantos-ngantos pesenan

20 **ENDI**

Diploma ti Tentoonstelling Tasikmalaja taoen 1925.



**TEGELFABRIEK**
**„NAJA"**
Goenoengsabeulah
TASIKMALAJA.

Midamel roepi-roepi tegel. pangaos sareng kakiatan ditanggel ngabingahkeun.

Oegi midamel gambar boemi (bouw teekening), pangaos tiasa badanten).

24 Directeur. —


**EMBARAN** 21

Ka sadaja noe palaj oeninga, di kantor Regentschaps-Secretarie sareng di kantor-kantor Kawadanan di lebet Kaboepaten Tasikmalaja, disadiakeun Rarantjang-begrooting Kaboepaten Tasikmalaja pikeun taoen 1927, basa Soenda sareng basa Walanda.

Anoe palaj kagoengan tiasa ngagaleuh di Regentschaps-Secretarie, pangaosna noe basa Walanda f 1.50, noe basa Soenda f 1.-

**Regent Tasikmalaja,**
Wiratanoeningrat.




**Ketoe Oedeng Makerij**
**HALIM**
**West Paser straat 16 Bandoeng**



16

Salamina njajagikeun ketoe Oedeng model Bandoeng tina roepi-roepi batikan sapertos batik Tjiamis Solo Banjoemas s.s.t. ngawitan pangaos f 2.25 f 2.50 f 3,— f 3.50 f 5.— sareng sateraana noemoetkeun koemaha saena Oedeng bae. Sajagi oge ketoe Oedeng model wiron anoe nganggo diwiroe sareng endol ngawitan pangaos f 3.— f 3.50 f 4.— f 5.—

Tiasa nampi kengkenan ngadamel ketoe Oedeng.

1 Oedeng didamel 2 ketoe oedeng f 2.—
1 „ „ 1 „ „ f 1.25

Model wiron tambih dina 1 Ketoe Oedeng f 0.25 Sareng njajagikeun sindjang poleng geroesan kaloearan Bandjaran Bandoeng pangaos f 2.50 f 3.— f 3.50 sareng f 4.— mangga djoeragan-djoeragan geura njarobian sareng enggal njeratan nganggo. Adres anoe diloehoer ieu koelan.





**Milari langganan**
**B. BARLI**



**Toekang Kopjah** 17.
**Pasar Baroe Bandoeng.**

Oendjoek oeninga ka sadajana djoeragan-djoeragan adres anoe di loehoer ieu dina waktos ieu nembe moeka winkel kopjah, Special ngitjal Kopjah kangge itjaleun deui, koe margi eta mangga djoeragan-djoeragan njobian langganan ka djisim abdi pangaos sareng padamelan ditanggel mirah sareng sae.

Njajagikeun kopjah anoe tiasa enggal padjeng koemargi midamelna noeroet sakoemaha model ajeuna sapertos: Kopjah boeloedroe boeloe anoe roepi-roepi kleur sapertos, aboe-aboe, hedjo loekoet, kopi, hideung s.s.t. Kopjah bloedroe hideung roepi-roepi model, kopjah Padang soetra sareng Padang Katoen.

Sateu atjanna ngintoen serat pesenan, tjobian heula moendoet prijscourant.



**Awas, moesim panas parantos doengkap!**

Istri pameget kedah atos-atos margi kasehatan gampil kaganggoe. Djagi leres-leres kasehatan djoeragan soepados tetep seger.

Hidji koeëh tina; 14

Tipoeng Hoenkwe Tjap Kembang
(Damelan Njonja Tjoa Tjoen Goan Halte Tjitjoeroek)

. Anggoeun ngopi atanapi ngeteh waktos tengah dinten djadi landong babakoena kana nolak hawa awon dina moesim ajeuna ngadjadikeun salira tambah seger, ngaleungitkeun hojong bae ngarot sareng ninggalkeun raos noe katjida ni'matna.

**Seungit, raos sareng tiis!!!**

Didjoeal dimana-mana.

Pangaos sapak f 0,25. Pesenan paling saeutik 15 pak. Anggoeun djoealeun deui paling saeutik 100 pak kenging langkoeng mirah pisan.

Atoeran nganggona dikintoen ka soegi noe moendoet.

Tipoeng Hoenkwe Pabrik Tjap Kembang.

**Tjoa Tjoen Goan Tjitjoeroek.**

Gratis.

Tjobi ngintoen adres djoeragan noe tetela sareng parangko *tiloe benggoleun* engke dikintoen sapak. *„Kaloeangan noe diwikaresep koe sagala bangsa".*



**Wawatjan Neng Hajani**
**(MALATI DI KOTA PADANG)**

Karangan Boedjangga Soenda moal aja anoe bireuk ka Djrg. Mangoen Dikaria, Basa sareng eusi maroenel lalimit beresih, tjarios beh dieu pisan di Padang. Pangaos f 0.50

Ww. Moro djoelang ngaleupaskeun pousing f 0.35 Kenging ti

**TOKO PASOENDAN.**
Tasikmalaja.

N. B. Noe ngagaleuhkontan:
10 boekoe doegi ka 19 à f 0.45 20 boekoe doegi ka 29 à f 0.40
Djabi ongkos.

Padjengkeun ECONOMIE oerang, garaleuhan tinoenan Soekasoekoer, sapertos: Pidjaseun serbet, taplak, sareng andoek sareng roa-roa deui. Awet kiat mirah sareng ... wah nationalistisch tjenah kapan ti

**TOKO PASOENDAN TASIKMALAJA.**


**Oepami hajang merdika koedoe resep pipiloeeun ngaheujeuk dajeuh ngolah nagara!!**

# Dr. Tan TJOEN HAIJ

**ARTS.**

Di Kebondjoekoet Zuid Bandoeng, tjaket tilas boemina

Dir. Dr. Sa'eh Marhoem

**Waktosna.**

Endjing-endjing 7 - 9

sonten 4 - 5

# EMBARAN.

Maparin terang ka sapangeusi kaboepaten Garoet, jen ontwerp-begrooting kaboepaten Garoet pikeun taoen 1927, katoet kateranganana disadiakeun di kantor Kaboepaten djeung di sakabeh kantor kawadanaan sarta beunang diilikan koe sakoer anoe hajang terang.

Kitoe deui di kantor kaboepaten disadiakeun beulieun eta ontwerp begooting katoet kateranganana, harga f 2.—

Garoet 28 Augustus 1826,

Boepati Garoet,

**SOERIAKARTALECAWA.**

## Inlandsche tabak. Hollanddsche en Inlandsche Sigaren en Sigarettenhandel.




2467 1916

12

## Tan Sian Hoay „TOKO TJAP KIPAS" Tasikmalaja.

| | |
|---|---|
| **Seroetoe Fabriek Mignot & de Block** | |
| La Semeuse Fleur de Londres isi 10 bidji | f. 3.— |
| **Seroetoe Fabriek G. Riobius Peletier Jr.** | |
| El Combate isi 25 bidji | f. 4.50 |
| Santa Isabel Perfectos isi 50 bidji | „ 6.25 |
| Joung Ladies isi 50 bidji | „ 3.25 |
| **Seroetoe Fabriek N. V. Karel I.:** | |
| Karel I Lovely isi 25 bidji | f 5,— |
| Karel I Special „ 50 „ | „ 7.50 |
| Karel I Superior „ 50 „ | „ 6.50 |
| Karel I Vorstenlanden Extra isi 50 bidji | „ 6.50 |
| Karel I Vorstenlanden Prima isi 50 bidji | „ 6,— |
| Karel I Eelegand isi 50 | „ 6,— |
| Karel I Delgado isi 50 bidji | „ 5,50 |
| **Seroetoe Fabriek A. Hillen's:** | |
| Modern Assortiment isi 32 ada 9 roepa | f 6.50 |
| Ameropa isi 50 bidji | „ 5.50 |
| Zee Post „ 50 „ | „ 3,75 |
| **Seroetoe Fabrik N. V. Houbaer & Co. Holland:** | |
| Sopla per pak 4 bidji | f 0,10 |
| **Seroetoe Fabriek Wascana Holland:** | |
| Wascana Elgantes „ 50 „ | „ 6,— |
| Wascana Conchitas „ 50 „ | „ 4,50 |
| Wascana No. 6 „ 50 „ | „ 4,— |
| **Seroetoe La Insular Manila:** | |
| La Insular Manila Habano Extra isi 50 bidji | f 4,— |
| La Insular Manila Cortado Extra „ 50 „ | „ 4.— |
| La Insular Manila 4a Cortado Extra isi 50 bidji | „ 2,50 |
| **Seroetoe Fabriek B. van Der Tak & Co.** | |
| Gloria mundi isi 50 peti katja | „ 5.50 |
| Carina „ 50 „ „ | „ 5.50 |
| Taksies „ 50 „ dalem blik boender | „ 1,75 |
| **Seroetoe Fabriek N. V. Negresco Djokjakarta:** | |
| Negresco Grand Prix isi 50 bidji | f 5,— |
| Negresco Jockey Club „ 50 „ | „ 4.50 |
| Negresco Montana (Sultana) isi 50 bidji | „ 4.— |
| Negresco Comerciales isi 50. | „ 3,— |
| Negresco Tropicas isi 50 bidji | „ 2.75 |
| Negresco Wedono „ 50 „ | „ 2,25 |
| Negresco Anak mas „ 50 „ | „ 2,25 |
| Negresco Havana's „ 50 „ | „ 2,— |
| Negresco Matador model Prem isi 100 bidji | „ 3,— |
| Negresco Opera's isi 10 bidji dalem blik | „ 0.50 |
| Negresco Poetri isi 50 bidji | „ 1,75 |
| **Seroetoe Adinda (Gantinja Indiana).** | |
| Adinda Oricono isi 25 bidji | f 2.25 |
| Adinda Sultanes „ 50 „ | „ 4,— |
| Adinda Canada „ 50 „ | „ 2.— |
| Adinda Minerva „ 50 „ | „ 1,50 |
| **Sigaret Abdulla. Jang soeda terkenal:** | |
| Abdulla No. 11 isi 50 bidji dalem blik boender | f 2.50 |
| Abdulla „ 18 „ 50 „ „ „ „ | „ 2,25 |
| Abdulla „ 16 „ 50 „ „ „ „ | „ 1.80 |
| Abdulla „ 87 „ 50 „ „ „ „ | „ 1,40 |
| Abdulla „ 80 „ 50 „ „ „ „ | „ 1,25 |
| Abdulla „ 70 „ 50 „ „ „ „ | „ 1,10 |

**Dan sedia djoega Sepeda merk WANDERER 5. 7. & f 165.–**

**Sepede Merek INDIANA roepa bagoes f 67.50**

**Dan masi banjak roepa-roepa Seroetoe moerah.**

PARANTOS SAJAGI:

**Boekoe Pangadjaran**

„De Vier Indische Talen"
(Empat bahasa Hindia)

## Belanda - Melajoe- Soenda - Djawa.

2 Karangan

L. A. LEZER

Teu kinten saena. Seueur pisan eusina.
Pangaos f4 —.Parangkona f0,60.
Toko boekoe L. A. LEZER Tasikmalaja.

## Maparin terang

Di kantor Kaboepaten sareng di kantor-kantor Kawadanan bawahan Kaboepaten Tjiamis bade disajagikeun pikeun soegri noe hojong terang:

1. Rarantjang begrooting kaloearan sareng panarimaan Kaboepaten Tjiamis pikeun taoen 1927.
2. Rarantjang verordening hal masrahkeun kakawasaan noe dimaksoed koe Staatsblad 1926 No. 259.
3. Rarantjang verordering hal ngajakeun djeung narik padjeg ngadjoeal petasan.
4. Rarantjang verordering hal atoeran make tanah Kaboepaten atawa tanah Goepernemen noe dioeroes koe Kaboepaten djeung atoeran sewaanana.

Kenging ngagaleuh salinanana.

23 Boepati Tjiamis.

A. A. Sastrawinata.

# PIRELLI AUTO BANDEN

**(Fabriek ITALIE)**

Agentschap Afdeeling Tasikmalaja.

**YO TEK SENG**

11 Telefoon 70.

Sekarang kita bisa tawarken pada Toean², dari satoe matjem band-auto merk Pirelli, jang soeda termashoer dari ia poenja koewat dan awet dipakenja. Di Negri ITALIE, ampir semoea orang jang mempoenjai auto tida soeka pake lain merk, selainnja dari merk Pirelli.

Satoe kaoentoengan besar boeat Toean-toean jang mempoenjai auto atawa vracht-auto kapan pake band auto merk Pirelli.

Djikaloe nomor² jang Toean² minta kabetoelan kita tida sedia, kita bisa kasi dateng didalem tempo sedikit hari, sebab kita bisa dapet bantoean dari Toko di Batavia, Soerabaja, dan Singapore.

9

## Schoenmakerij en Kleermakerij

**„Malab Mandar"**

Stationsweg 21 Tasikmalaja.

Tiasa nampi pesenan (kengkenan) ngadamel roepi-roepi raksoekan anggoeun pameget atanapi moerangkalih modelna tiasa noemoetkeun sakoemaha kapalaj, sareng disajagikeun roepi-roepi lawonna.

Oge njajagian slop-slop, sendal-sendal spatoe-spatoe ketos oedeng model Djawa sareng Soenda Kopeah boeloedroe noe kasar sareng noe sae.

Hoermatna noe ngantos pesenan poen

**O. Sasmita.**

N. B.

| | |
|---|---|
| Toedoeng Panama | |
| noedidamel tina palm | f 8,— |
| „ „ „ djakal | f 2,50 |
| sirobin (pamoelasna) | f 0,25 |

# Toko SOENDA

**TASIKMALAJA.**

Telefoon No. 56 10

Dina ping 10 Sept: parantos nampi kintoenan 12 roepi piraksoekaneun Palmbeach anoe kabantoen koe Kapal S. S. Jan Pieterz Coen pangaos f 8,50 1 elo doea kali lebar, doepi saena teu kantos dipoedji deui langkoeng oetami ningalian koe andjeun sanaos dipoedji diaae-sae oge, henteu aja goenana oepami barangna soelaja sareng pamoedji.

Topi Boni kaloearan Fabriek Dewell, noe paling sae, pangaos f 4,50 No. 54 t/m 60.

## BAROE TRIMA.

Roepa-roepa sigaren: Karel I, Felucca Moortjes, Meropo, Delftsche Post. Digonetten, Abdulla, Clysma, Telucia Maspero, dan Kyriasi.

Roepa-roepa port, malaga etc.

Katjamata-katjamata mas, nikkel, double

**Preanger Chemicaliën Handel**

13 **TASIKMALAJA.**

# MAPARIN TERANG:

1. Di kantor Kaboepaten Tjiamis ti ping 14 September 1926 dongkap ka ping 14 October 1926, disajagikeun blangko formulier pikeun ngadjagokeun lid Volksraad, golongan:
a. Pikeun 3 lid Volksraad bangsa Boemipoetra kjeskring Pasoendan;
b. Pikeun 3 lid Volksraad bangsa Asing lian ti Bangsa Walanda.
C. Pikeun 15 lid Volksraad bangsa Walanda.-
2. Di kantor Kaboepaten sareng di kantor-kantol kawadanan di bawahan Kaboepaten Tjiamis, bade disajagikeun pikeun soegri noe hojong terang: Rarantjang Verordening hal atoeran loemboeng-loemboeng djeung bank-bank desa.-
Sareng kenging ngagaleuh salinanana.-

Boepati Tjiamis,

**A. A. ŞASTRAWINATA.**

## Toko Boekoe

# WEBER

DJALAN STATION TELF. № 13.

**Sajagi:**

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Kertas gambar roebak 1 M. | | | | f 0,50 |
| „ „ 1 lambar | | | | f 0.10 |
| „ goerat sareng polos 1 riem | | | | f 4.00 |
| „ djilid 1 lambar | f 0.04. | f 0.06. | f 0.10. | f 0.12 |
| Timbangan (geraman) | f 1 50. | f 4.50. | f 6 50. | f 9.— |
| Boekoe gambar, kandel kertasna | | | | f 0.10 |
| Vulpen Osmia f 9. — sareng | | | | f 13 50 |
| „ Ocean (tanggoeng sae) | | | | f 7.50 |
| Pita mesin toelis | | | | f 1.75 |

Sareng seueur-seueur deui barang marodel sareng marirah.

Mangga tjalik ka toko tingalian.

Hoermatna

**H. E. Taijlor Weber.**

# Nganidatkeun lid-lid Volksraad.

Maparin terang, dina tanggal 14 reudjeung 15 October 1926 baris diajakeun candidaatstelling (nganidatkeun djago djago) pikeun piliban 21 lid Volksraad.:

a. 15 lid bangsa Walanda.
b. 3 lid bangsa Asing.
c. 3 lid bangsa Priboemi.

Dina 2 poé noe kaseboet di loehoer, antara poekoel 8 isoek² reudjeung poekoel 1 beurang, bisa njanggakeun opgave candidaat-candidaat ka noe nanda di handap ieu di kantor Kaboepaten. Tasikmalaja.

Demi blanco-blanconna pikeun opgave candidaat-candidaat bisa meunang pertjoemah ti ajeuna nepi (t/m) tanggal 14 October 1926, disadiakeun di kantor Kaboepaten.

Boepati Tasikmalaja.

**Wiratanoeningrat.**

# SIK DJOEN KWAN

## TOEKANG GIGI

**Tjihideunggede No. 23 Tasikmalaja.**

Di dieu bade diterangkeun, jen kasawat waos oepami teu ditoeloeng koe ahlina (dokterna) moal tiasa sae, katoeangan anoe teu antjoer pisan ngadjadikeun kasawat laleudeng poesing, njeri patoeangan, sesek napas, eungap, teu aja napsoe kana barang toeang sareng sanes-sanesna. Ieu saaaja kasawat moal tiasa sae leres-leres, oepami waos masih teu sehat, ngandoeng pirang-pirang oelam.

Ajeuna sim koering di dieu parantos ngadeg toko noe njajagikeun roepi-roepi landong waos, anoe koemaha bae tiasa dilandongan koe sim koering kalawan ditanggel.

Nja kitoe deui njajagikeun waos palsoe, poelen, toelang, perak, emas saniskanteu aja. Ngaratakeun waos ngaberesihan sareng ngagilapkeun soepados herang sapertos kilat koemargi kieu, tangtos djadi ngawoewoeh tjahaja.

Njajagikeun deui panon palsoe. oelah salempang.

Djoeragan djoeragan istri dilandonganana koe njonja, nja eta poen bodjo,

Anoe ngantos pesenan a saroempingna,

**SIK DJOEN KWAN**

8 Sarimbit.

**Enggal ngalebetkeun advertentie dina Sip., bilih tinggaleun madjeng!!**